

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan perlu pisan ayana métode salaku léngkah gawé panalungtik pikeun nyingkahan ayana salah paham sarta pikeun ngaréngsékeun masalah.

Nurutkeun Campbel jeung Stanley dina Arikunto (2006:84) dumasar kana hadé-goréngna ékspérimén, atawa sampurna-henteuna ékspérimén sacara gurat badag desain panalungtikan ékspérimén dibagi jadi dua, nya éta: (1) *Pre Eksperimental Design* atawa ékspérimén teu sampurna; jeung (2) *True Eksperimental Design* atawa disebut ogé ékspérimén murni.

Pre eksperimental nya éta ékspérimén teu sampurna. Ku kituna sok disebut ogé ku istilah “quasi experiment” atawa ékspérimén semu (teu sampurna). Disebut teu sampurna ku lantaran dina ékspérimén semu can nyumponan sarat dina ékspérimén ilmiah nu nurutkeun kana aturan-aturan nu tinangtu.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode “quasi eksperiment” atawa ékspérimén semu, nya éta panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén kalawan henteu maké kelas kontrol. Tujuan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén nya éta pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis éséy saméméh ngagunakeun média audio visual jeung sabada ngagunakeun média audio visual.

3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data


Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta ku cara téhnik tés. Nurutkeun Arikunto (2006:150) tés mangrupa runtuyan patalékan anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, inteligénsi, kamampuh, atawa bakat-bakat anu aya dina unggal individu/kelompok.

Tés anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés préstasi diajar nyieun karangan ngeunaan kamampuh nulis éséy réfléksi ngaliwatan pratés jeung pascatés. Pratés mangrupa kamampuh awal saméméh siswa dibéré “perlakuan” (*treatment*), maksud perlakuan di dieu nya éta média audio visual, sedengkeun pascatés mangrupa tés kamampuh ahir sabada diayakeun perlakuan dina kagiatan diajar-ngajar.

Tés anu dilakukeun miboga tujuan pikeun mikanyaho efektif-henteuna média audio visual dina pangajaran nulis éséy. Tujuan ahirna nya éta data-data siswa dianalisis dumasar kana data hasil panalungtikan ka siswa.

3.3 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2006:84) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa, nya éta: (1) *one shot case study*; (2) *pre-test and post-test group*; jeung (3) *group comparison*. Dina ieu panalungtikan desain anu digunakeun nya éta *pre-test and pos-test group*. Pratés dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal murid saméméh dilaksanakeun *treatment*. Postés dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh murid sabada dilaksanakeun *treatment* (média audio visual). Tés dilaksanakeun dua kali nya eta saméméh dilaksanakeun ékspérimén jeung sabada dilaksanakeun ékspérimén. Sangkan leuwih jéntré desain panalungtikan kuasi ékspérimén nu digunakeun dina ieu panalungtikan digambarkeun saperti ieu di handap.



$O_1 \quad X \quad O_2$

Desain panalungtikan *pre-test and post test group*

(Arikunto, 2006:85)

Keterangan:

O₁: téis awal saméméh perlakuan (*pre-test*)

O₂: téis ahir sabada perlakuan (*post-test*)

X : perlakuan ngagunakeun média audio visual (*treatment*)

3.4 Sumber Data

Sumber data mangrupa sakabéh obyék anu bakal ditalungtik, kaasup aspék-aspék anu dipaluruh sarta ditalungtik salila prosés panalungtikan. Hiji panalungtikan dina nangtukeun obyékna aya nu langsung ditangtukeun jeung aya oge anu kudu nangtukeun populasi jeung sampel heula. Dina ieu panalungtikan obyék datana langsung ditangtukeun lantaran métode anu digunakeunana nya éta métode kuasi ékspérimén.

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu taun ajaran 2012/2013 anu jumlahna aya 38 urang. Ngawengku 10 urang lalaki jeung 28 urang awéwé. Hasil tina nulis éséy siswa éta mangrupa data anu satuluyna dijadikeun bahan panalungtikan.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nya éta alat bantu pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Instrumén mangrupa hal anu penting, sabab hasil-henteuna panalungtikan dipangaruhan ku instrumén anu digunakeun. Data anu diupérlukeun pikeun ngajawab masalah jeung nguji hipotesis dikumpulkeun ngaliwatan instrumén.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta instrumén téis. Téis nya éta runtuyan patalékan atawa alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh, intelegénsi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2006:150).

Téis anu digunakeun dina ieu panalungtikan mangrupa téis anu sipatna aplikatif (penerapan) anu nungtut kamampuh nerapkeun pangaweruh tioritis atawa

kana kagiatan praktis tur konkrét nu miboga fungsi pikeun ngumpulkeun data ngeunaan éféktivitas média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy. Kamampuh aplikatif mangrupa kamampuh ngarobah, ngamodifikasi, nerapkeun hiji kamampuh anu dina ieu panalungtikan mangrupa kamampuh nulis éséy.

Tés anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta tés préstasi nyieun éséy. Ieu tés dipilih lantaran dianggap saluyu pikeun ngébréhkeun kamampuh hasil diajar-ngajar nulis éséy kalayan obyéktif. Topik anu disodorkeun nya éta pendidikan jeung moralitas siswa/rumaja jaman kiwari.

- Format tés

Lawungan ka-1 (pratés)

Média jeung sumber pangajaran nu digunakeun nya éta salah sahiji conto karangan éséy.

Conto Téks Karangan Éséy

Basa Sunda;

Idéntitas Pribadi Urang Sunda

Tanggal 21 Fébruari geus ditetepkeun ku UNESCO dina konpérénsi umum bulan November 1999 minangka Poé Basa Indung Internasional (*International Mother Tongue Day*). Upacara anu munggaranana direuah-reuah di markas besar organisasi. Ieu upacara dibuka ku Direktur Jenderal UNESCO Koichiro Matsuura. UNESCO hayang mépélingan ka sakumna bangsa yén basa téh lain ngan saukur bagéan utama dina warisan budaya manusa, tapi mangrupa éksprési tina kréativitas manusa jeung karageman budayana. Tujuanana nya éta pikeun miara basa-basa indung di sakuliah dunya sangkan teu ilang.

Anu dimaksud basa indung téh nya éta basa anu pangmimitina diajarkeun ku indung ka anakna. Nya pikeun urang Sunda ku basa Sunda, Jawa ku basa Jawa, Jepang ku basa Jepangna, jsté. Di Indonesia, basa indung ditangtayungan ku nagara. Atuh di Jawa Barat, basa daérah (baca:Sunda)

ditangtayungan ku ayana Perda No. 5 taun 2003 ngeunaan pamakéan basa, sastra, jeung aksara daérah.

Kiwari hirup-huripna basa Sunda mémang masih katitén tapi sakadar nada-nada silung, aya rasa hariwang yén basa urang bakal ilang, tumpur, kalindes teumenyat deui. Éta téh aya nu ngarasa inggis tur melang basa Sunda bakal ngahiang, lantaran kasaksén pisan mungkin dieu mungkin loba tantangan pikeun hirup-huripna basa Sunda. Mungkin dieu basa Sunda mungkin ditinggalkeun ku panyaturna. Padahal basa téh mangrupa idéntitas pribadina.

Salaku sumber atikan anu pangheulana, lingkungan kulawarga kudu bisa jadi tempat anu pangheulana nanjeurkeun Ki Sunda, utamana indungna. Ieu bisa jadi salah sahiji alternatif sangkan basa urang teu ilang. Para panyatur basa Sunda kudu bisa nempokeun identitasna, para panyatur basa Sunda kudu bisa nempokeun silungna. Pancegkeun haté pikeun nanjeurkeun idéntitas pribadi, teu saukur dina omong tapi kudu jeung lampahanana. Cag!!!

**Dicutat kalayan diropéa tina Kuru Setra majalah Turus edisi 35*

Ade Hemi N (Mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah entragan 2008)

Instrumén Praté

Prak jieun karangan éséy nu topikna ngeunaan pendidikan jeung moralitas siswa/rumaja di jaman kiwari!

Katangtuan karangan:

- 1) Karangan diwangun minimal ku tilu paragraf, maksimal lima paragraf. Saparagraf diwangun ku opat kalimah.
- 2) Warna tulisan, karangan éséy
- 3) Komponén nu dipeunteun:
 - I. Kualitas jeung lingkup eusi
 - II. Organisasi jeung tampilan eusi
 - III. Gaya basa
 - IV. Wangun gramatik
 - V. Éjaan

VI. Karapihan tulisan

4) Waktu 45 menit

Lawungan ka-2 (postés)

Média jeung sumber pangajaran nu digunakeun nya éta pilem (format VCD) Média Pangajaran Kelas A Entragan 2009 Pendidikan Bahasa Daérah-UPI nu judulna “Gatika”.

Instrumén Postés

Prak jieun karangan éséy nu topikna ngeunaan pendidikan jeung moralitas siswa/rumaja di jaman kiwari dumasar pilem nu judulna “Gatika”!

Katangtuan karangan:

- 1) Karangan diwangun minimal ku tilu paragraf, maksimal lima paragraf. Saparagraf diwangun ku opat kalimah.
- 2) Warna tulisan, karangan éséy
- 3) Komponén nu dipeunteun:
 - VII. Kualitas jeung lingkup eusi
 - VIII. Organisasi jeung tampilan eusi
 - IX. Gaya basa
 - X. Wangun gramatik
 - XI. Éjaan
 - XII. Karapihan tulisan
- 4) Waktu 45 menit

3.6 Wangenan Operasional

Wangenan operasional ngawengku kana wangenan sacara umum ngeunaan variabel-variabel, boh variabel bébas boh variabel kauger nya éta:

- 1) éféktivitas média audio visual nya éta salah sahiji ukuran kasuksésan dina wangun média pangajaran anu digunakeun pikeun prosés pangajaran sarta

ngalibetkeun atawa ngagabungkeun dua indera sakaligus, nya éta indera pangrungu jeung indera pameunteu; jeung

- 2) pangajaran nulis éséy nya éta pangajaran nulis dina wangun karangan pondok/wangun prosa (lancaran) ngeunaan hiji pasualan dumasar kana pandangan atawa pamikiran panulisna.

Jadi anu dimaksud “Efektivitas Média Audio Visual pikeun Pangajaran Nulis Éséy” nya éta gambaran efektif-henteuna média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy siswa SMAN 1 Pelabuhanratu.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Data anu dikumpulkeun tuluy diolah pikeun mikanyaho hasil-henteuna prosés pangajaran nulis éséy saméméh jeung sabada ngagunakeun média audio visual.

Dina ieu bagéan dipedar cara ngolah data tina hasil pangajaran anu geus dilakukeun. Léngkah-léngkah dina nganalisis data saperti ieu di handap.

3.7.1 Méré Peunteun Karangan Nulis Éséy Siswa

Saméméh ngolah data, karangan hasil siswa kudu dipeunteun heula, anu engkéna ngahasilkeun data anu mangrupa angka-angka pikeun diitung. Analisis karangan anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku saperti ieu di handap.

- 1) Kualitas jeung Lingkup Eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina tulisan anu disusun ku murid

- 2) Organisasi jeung Tampilan Eusi

Organisasi jeung tampilan eusi nya éta ngawengku runtuyan kalimah anu sinambung antara kalimah kahiji jeung kalimah satuluyna, antara paragraf kahiji jeung paragraf saterusna.

3) Gaya Basa

Gaya basa nya éta milih gaya sarta tulisan anu merenah, katitén tina ngagunakeun kalimah anu éféktif sarta ngagunakeun basa anu bener.

4) Wangun Gramatikal

Wangun gramatikal nya éta kalimah anu ditulis ku murid. Fungsi kalimah ngawengku jejer (subyék), carita (prédikat), salaku unsur anu wajib aya, sarta udagan (obyék), panglengkep, jeung katerangan.

5) Éjahan

Éjahan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, ngamimitian dina nulis, ngagunakeun rarangkén hareup, jeung dina makéna tanda baca.

6) Karapihan Tulisan

Karapihan tulisan mangrupa tampilan luar, nya éta tulisan hasil murid anu bisa dibaca kalayan ngagunakeun hurup anu jelas.

Sangkan cara meunteuna leuwih babari, aspék-aspék anu dipeunteun aya dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.1

Pedoman Meunteun Karangan Éséy

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
Kualitas jeung Lingkup Eusi	5	Hadé pisan	Ngarti pisan, pinuh ku gagasan, luyu pisan jeung topik, jéntré pisan
	4	Hadé	Ngarti, pinuh ku gagasan nu alus, luyu jeung topik, jéntré
	3	Sedeng	Ngarti kalawan ngawates, gagasan ngawates, jéntré kalawan ngawates
	2	Kurang	Kurang ngarti, kurang gagasan, kurang jéntré
	1	Kurang pisan	Teu ngarti, miskin gagasan, teu keuna jeung jejer
Organisasi jeung Tampilan Eusi	5	Hadé pisan	Eusi lengkep pisan, rinci pisan, logis, kohési luhur pisan
	4	Hadé	Eusi lengkep, rinci, urutan logis, kohesi kurang luhur

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
	3	Sedeng	Eusi lengkep, kurang rinci, urutan logis, kohési kurang luhur
	2	Kurang	Eusi teu lengkep, kurang rinci, kurang logis, kohési teu luhur
	1	Kurang Pisan	Eusi kurang pisan, teu rinci, urutan teu logis, teu aya kohési
Gaya Basa	5	Hadé pisan	Merenah pisan, éféktif pisan, ngawasa pisan milih kecap anu meureunah
	4	Hadé	Merenah, éféktif, milih kecap meureunah saeutik salahna
	3	Sedeng	Merenah kalawan ngawates, éféktif, milih kecap meureunah, aya kasalahan
	2	Kurang	Kurang merenah, kurang éféktif, kurang ngawasa milih kecap, loba kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu merenah, teu éféktif, teu paham milih kecap, loba pisan kasalahan
Wangun Gramatikal	5	Hadé pisan	Nyusun kalimah komplék, ngawasa pisan tatabasa
	4	Hadé	Nyusun kalimah basajan, saeutik kasalahan tatabasana, kurang ngandung ma'na
	3	Sedeng	Nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa
	2	Kurang	Hésé nyusun kalimah basajan, loba kasalahan tatabasa nagwurkeun ma'na
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa nyusun kalimah, teu komunikatif, teu cukup dipeunteun
Éjaan	5	Hadé pisan	Ngawasa pisan kaédah dina nulis kecap, teu aya kasalahan
	4	Hadé	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, saeutik aya kasalahan

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat	Keterangan
	3	Sedeng	Ngawasa kaédah dina nulis kecap, kasalahan teu loba pisan
	2	Kurang	Kurang ngawasa kana kaédah dina nulis kecap, loba pisan kasalahan
	1	Kurang pisan	Teu ngawasa kana kaédah nulis, teu cukup pikeun dipeunteun
Karapihan	5	Hadé pisan	Alus pisan, rapih, babari kabaca, beresih
Tulisan	4	Hadé	Rapih, kabaca, saeutik corétan
	3	Sedeng	Kurang rapih, kabaca, loba corétan
	2	Kurang	Teu rapih, loba anu teu kabaca, loba corétan, kotor
	1	Kurang pisan	Teu rapih, tulisan teu kabaca
Jumlah Skor	6-30		
Peunteun	2-10		

Skala Likert (Riduwan & Sunarto, 2012:20-23)

Kriteria skor:

Hadé pisan : 30-27

Hadé : 26-23

Sedeng : 22-18

Kurang : 17-12

Kurang pisan : 11-6

Sanggeus méré peunteun dumasar kana aspék anu aya dina tabél di luhur, pikeun nangtukeun jumlah skor murni karangan éséy siswa, digunakeun pedoman meunteun ngagunakeun rumus:

$$n = \frac{\text{skor anu kahontal}}{\text{skor anu ideal}} \times 100\%$$

3.7.2 Uji Sifat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogenitas.

3.7.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas dilaksanakeun pikeun nguji distribusi populasi. Pikeun nangtukeun yen data téh miboga sipat anu normal atawa henteu normal, bisa ngagunakeun rumus *chi kuadrat* (x^2).

Dina nangtukeun uji normalitas, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun. Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) nyieun tabél frekuensi skor pratés:

Tabél 3.2
Frékuénsi Peunteun Pratés

<i>Skor (x)</i>	<i>f</i>	<i>f.x</i>	<i>f.x²</i>

- 2) ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés:

$$M = \frac{\sum fx}{\sum f}$$

- 3) ngitung standar deviasi (SD):

$$SD = \sqrt{\frac{N \sum (fx^2) - (\sum fx)^2}{N(N-1)}}$$

Katerangan:

SD : Standar Deviasi

N : Jumlah subyék panalungtikan

$\sum fx^2$: Jumlah frékuénsi x nilai

$(\sum fx)^2$: Jumlah frékuénsi nilai x dikuadratkeun

4) nangtukeun jumlah kelas (k):

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

atawa

$$k = \frac{r}{p} + \leq 1$$

5) nyieun daftar frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi anu ngawengku:

(1) nangtukeun rentang (r) ngagunakeun rumus:

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(2) nangtukeun jembar kelas (p) ku cara milis angka ganjil 1.3.5.7.

$$p = \frac{r}{k}$$

6) nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi (O_i)

7) ngitung Z:

$$Z = \frac{bk - x}{SD}$$

8) nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L):

$$L = Z_2 \text{ tabel} - Z_1 \text{ tabel}$$

9) ngitung frekuensi ékspéktasi:

$$E_i = L \times N$$

10) nangtukeun chi kuadrat (χ^2):

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

11) nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi:

Tabél 3.3

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspétasi Pratés

Kelas	O _i	BK Handap	BK Luhur	Z ₁	Z ₂	Z ₁ Tabél	Z ₂ Tabél	L	E _i	x ²

12) nangtukeun derajat (db):

$$db = k - 3$$

13) nangtukeun normalitas:

Pikeun nangtukeun normalitas distribusi populasi digunakeun kritéria ieu di handap.

$X^2_{itung} < X^2_{tabel}$ hartina distribusi data normal

$X^2_{itung} > X^2_{tabel}$ hartina distribusi data teu normal

3.7.2.2 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén-henteuna variasi sampel tina populasi anu sarua. Sarua jeung uji normalitas, pikeun nangtukeun homogén-henteuna data ngagunakeun rumus chi kuadrat.

Pikeun nangtukeun homogénitas, léngkah-léngkahna nya éta:

1) Nangtukeun variasi masing-masing kelompok:

- Variasi pratés (SI^2):

$$SI^2 = \frac{n \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- Variasi pascaté (S²):

$$SI^2 = \frac{n\sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

- 2) Hasil variasi disupkeun kana distribusi F:

$$F = \frac{s^2b}{s^2k}$$

(Arikunto, 2006:321)

Katerangan:

F : Harga varian anu rék ditéangan

S²b : Variasi nu leuwih gedé

S²k : Variasi nu leuwih leutik

- 3) Ngitung db:

$$db = n - 1$$

- 4) Nangtukeun F tabél:

Pikeun nangtukeun homogénitas digunakeun kritéria ieu di handap.

$F_{itung} < F_{tabél}$ hartina variasi sampel homogén

$F_{itung} > F_{tabél}$ hartina variasi sampel teu homogén

3.7.3 Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun nangtukeun naha aya bédana antara pratés jeung pascaté. Tina hasil ieu uji gain, bisa meunang gambaran ngeunaan kumaha pangaruh digunakeunana média audio visual pikeun pangajaran nulis éséy. Pikeun nangtukeun uji gain ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.4
Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Éséy
Ngagunakeun Média Audio Visual

No.	Praté	Postés	Σ	d	d ²

3.7.4 Uji Hipotésis

Léngkah-léngkah dina uji hipotésis nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Nyieum tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung postés:

Tabél 3.5
Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Pascaté

No	Praté	Pascaté	d	d ²	xd (d-Md)

- 2) Ngagunakeun mean tina béda pratés jeung pascaté:

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

- 3) Derajat kabébasan (db) :

$$db = n - 1$$

- 4) Ngitung t:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

5) Ngabuktikeun hipotesis:

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2006:86)

Keterangan:

MD : mean tina déviasi (d) antara pratés jeung postés

xd : bédana déviasi jeung mean déviasi

n : lobana subyék

df : atawa db nya éta n-1

Pikeun nangtukeun hipotésis digunakeun kritéria ieu di handap.

Saupama $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima

Saupama $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis teu ditarima

3.8 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan ngawengku sababaraha léngkah anu kudu dilaksanakeun. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan ngawengku: (1) tahap tatahar; (2) tahap pelaksanaan; jeung (3) tahap ngolah data.

3.8.1 Tahap Tatahar

Tahap tatahar dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngayakeun panalungtikan awal pikeun ngidentifikasi masalah anu perlu diungkulan. Dina ieu tahapan dilaksanakeun observasi ngeunaan prosés pangajaran basa Sunda sarta dialog ka guru jeung siswa SMAN 1 Pelabuhanratu;
- 2) ngajukeun judul skripsi sabada meunang masalah di sakola;
- 3) ngajukeun proposal skripsi;
- 4) nyusun silabus jeung Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP);

- 5) nyusun instrumén panalungtikan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan ka sakola SMAN 1 Pelabuhanratu ngeunaan “Éféktivitas Média Audio Visual pikeun Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII-IPA.1 SMAN 1 Pelabuhanratu Taun Ajaran 2012/2013)” ; jeung
- 6) néangan sumber data ngeunaan média audio visual.

3.8.2 Tahap Pelaksanaan

Tahap pelaksanaan dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) nyiapkeun matéri pangajaran ngeunaan nulis éséy jeung média audio visual;
- 2) nyiapkeun alat panalungtikan (instrumén); jeung
- 3) ngalakukeun panalungtikan ka kelas.

3.8.3 Tahap Ngolah Data

Tahap ngolah data dina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) ngumpulkeun data anu geus kacangking;
- 2) ngolah data hasil pratés;
- 3) ngolah data hasil postés; jeung
- 4) nyusun laporan hasil panalungtikan.